Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого,лъилъе,нилъ гьечӀого,хур.
Инхоса ГӀали-хӀажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 54 (6574) 13 ноябрь 2017 с. Итни Сафар 1439 с. Багьа 5 гъур.

НОМЕРАЛДА РУГО:



Сагъри кьодухъ гьабураб Гьима гӀурухъ батулеб

-2 гьум.



ГӀолилазе церетӀезе шартӀал гӀуцӀулел руго

- 3 гьум.



ТӀоцебесеб раундалдаго – нокаут

- 3 гьум.



ТӀабигӀат цӀуниялъул суалал рорхана

- 3 гьум .

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧӀЧӀАНИ, БАЧӀУНЕСЕЛЪ ГӀАРАДА РЕЧӀЧӀУЛА

## Щуго килищ, цохӀо квер, босе, гьудул, босе гьаб,
## Щуго килищ, цохӀо зар, босе, тушман, босе гьаб

### Халкъазул цолъиялъул къо кӀодо гьабуна

**Халкъазул цолъиялъул къоялда хурхун кӀудияб тадбир тӀобитӀана Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул Гумбеталъул централда.**

Тадбиралда байбихьана Россиялъул Федерациялъул Гимналдалъун. Тадбир бачана Гумбеталъул маданияб централъул специалист **Рапият УхӀумагӀалиевалъ.**

ГӀахьаллъаразда халкъазул цолъиялъул къо баркана ва гьелъул тарихалъул бицана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель **АхӀмад Сулаймановас.** Гьарана киназего сахлъи, рекъел ва бергьенлъи.

Баркиялъулал кӀалъаял гьаруна районалъул бетӀерасул кумекчи **МухӀамад Хъарагишиевас,** Афгъанистаналъул лъугьа-бахъиназул гӀахьалчи, Бакьулъ Гьарадирихъ маданиябгун хӀухьбахъиялъул централъул нухмалъулев **Багьавудин МухӀамадовас,** районалъул культураялъул, физическияб культураялъул,





спорталъул, гӀолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухӀамад ГӀумардибировас.**

Байрамалда цере рахъана «Гумбеталъул махщелчагӀи» концерталъул коллективалъул гӀахьалчагӀи, МелъелтӀа «Бакъ» ясли-ахалъул гьитӀичал. МелъелтӀа гьоркьохъеб школалъул цӀалдохъан **Макка Ахкубеговалъ,** МелъелтӀа аслияб школалъул цӀалдохъаби **ПатӀимат Эсенбулатовалъ** ва **Зайнаб ХӀамзатовалъ** махщалида рикӀкӀана кучӀдул.

**Къурмагъиз ХӀадисова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН...

## Бокьула дие Кавказ!

### ХӀамзат ГӀизудинов гӀахьаллъана Пятигорскалда тӀобитӀараб Лермонтовасулаб фестивалалда

**Халкъазул цолъиялъул къоялъ 4 ноябралда, «Гумбет» газеталъул бетӀерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХӀамзат ГӀизудиновас гӀахьаллъи гьабуна Северияб Кавказалъул Федералияб округалъул тахшагьар Пятигорск шагьаралда тӀоритӀарал байрамалъулал тадбиразда. Пачалихъияб байрамалъул хӀурматалда Пятигорскалда тӀоритӀана Россиялъул халкъазул миллиял литературабазул фестиваль ва лермонтовасулал цӀалиял.**





Фестиваль рагьулаго, баркиялъулал кӀалъаял гьаруна СКФОялда Россиялъул президентасул вакиласул заместитель **Андрей Галактионовас**, Ставрополь краялъул хӀукуматалъул председателасул заместитель **Ирина Кувалдиналъ**. Дагъистаналъул делегациялда гьоркьор рукӀана: Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв шагӀир **МухӀамад АхӀмадов,** хъвадарухъаби ва шагӀирзаби **Къасумбег Миграбов, ХӀамзат ГӀизудинов, Юлия Зачесова**, поэзиялъул театралъул директор **Елена Гарунова,** ЦӀадаса ХӀамзатил цӀаралда бугеб Аваразул драмтеатралъул актерал, Расул ХӀамзатовасул цӀаралда бугеб Дагъистаналъул миллияб библиотекаялъул директор **ГӀали ГӀалиев** ва цогидалги.

«Жакъа Пятигорскалда тӀобитӀулеб буго кӀиго байрам: халкъазул цолъиялъул къо ва Россиялъул халкъазул миллиял литературабазул фестиваль. Гьел байрамал кӀодо гьарулел руго Россиялъул литератураялъул тахшагьаразул цояблъун кколеб ва Лермонтовасулаб бакӀлъун рикӀкӀунеб шагьаралда. Щивав кавказалъуласе рекӀее къабулал руго классикасул

(Ахир-кӀиабилеб гьум.)

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса Пали-хIажи



МАГIАРУЛ РОСАБИ

# Сагъри кьодухъ гьабураб Гьима гIурухъ батулеб

### Игьали росулъе ва гьеб росдал тарихалъулъе сапар

**2017 соналъул 31 октябралда, талат кьоялъ, щвана магIарулазул Игьали ва гьарадирил лъабабго росулъе. «Миллат» басма цIалулел магIарулазда лъала ниж халкъалда гьорлъ ругьунал, гIадамазухъе сапарал рухьулел, гьезул масъалаби, гIузраби, суалал рорхулел, гьел тIураялъе кквербакъи гьабулел журналистал ккелелъи. «Миллаталъул» редколлегиялъ хIаракат бахъула жамгIиялги, маданиялги, тарихиялги, цогидал кIвар бугелщиналги суалал бегIерго газеталъул гьурмаздасан гьоркьор лъезе. Гьаб макъалаялда бицен гьабизе буго Игьали росулъ бугеб ахIвалхIалалъул.**



### Исламалъе ва Кавказалъе гIоло рухIал кьуна

Игьали росдал администрациялда гьорлъе уна жибго Игьали, Кунзахъ, Лъанлъари ва ЦIаналъ росаби. ГIаммго гьел росабалъ гIумру гьабун буго ункъазаргогIан чияс. Гьеб ккола магIарулазул кIудияб жамагIатазул цояб ва Бакълъул мухъалда бищун кIудияб росу. Тарихалдаги кIудияб лъалкI тана игьилдерица. ГIарабазул сапарчагIазул ва тарихчагIазул хIалтIабазулъги ратула игьилдерил хIакъалъулъ мухъал. Масала, Ибн Рустаца хъвалеб буго VIII гIасруялдаго букIараб кIвар бугеб Аргъвани – Игьали – ТIануси нухалъул хIакъалъулъ.

Шамил имамас 220 сон тIубалеб лъагIел кколелъул, Кавказалъул КIудияб рагъул заманалда ва Имамат гIуцIиялъулъ игьилдерица гьабураб гIахьаллъиялъулги рехсей гьабизе бокьун буго гьаб макъалаялда. Игьалиса КIудияв СагIид вукIана кавказиязул кьеркьеялъул церехьабазул цояв. Имамлъун вищизе мустахIикъав вугилан, гьесул рахъккурал гIалимзабиги рукIун руго. Чачанлъиялда боял ракIарулаго, шагьидлъун вуго гьев. АнцIанцI игьалисев шагьидлъана 1832 соналъул 17 октябралда Гендерил къварилъухъ ккараб рагъулъ, ГъазимухIаммад имамасда цадахъ. Гьединго исламалъе ва Кавказалъе гIоло рухIал кьуна игьилдерица 1839 соналда АхIулгохIдаги цоги гIемерал гъазаваталъул кьалазулъги. 1842 соналъул июналда Игьали росулъги ккана кIудияб рагъ. ЦохIо жиндирго гIемерал тушбаби чIварав Игьалиса рагъухъанасул кьиса хадуб Булач ХIажиевас тIехьалдаги бахъун букIана.

Имамат цIунун рагъ ккана машгьураб Сагъри кьодухъ. ГIор данде къараб бакI буго гьеб. Игьалисес абурал рагIаби руго: «Сагъри кьодухъ гьабураб Гьима гIурухъ батулеб», – абураб, авар кицилъун лъугьараб каламги. Гьанже Сагъри кьода аскIоб буго чабах гъурулеб завод ва Хунзахъе бачараб газил рогIоро. Бакъулъулазул гIарзал рукIуна, Хунзахъ, Болъихъ, ЦIумада мухъазде жидер районалдасан кIиго газил рогIоро лъуниги, жидее гьеб нигIмат хIалтIизабизе щвечIилан. Иццул кIалтIаги рукIун, кьечон холезул мисал буго гьаб мухъалъул жамагIатазул.

### 169 игьалисев



Россиялъулгун Японияльул рагъда гIахьаллъун вуго анкьо игьалисев. Гьеб росдал вакилзаби рагъана ТIоцебесеб дунялалъул кьалда ва граждан рагъул тунка-гIусиязда.

КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъана 169 игьалисев, гьезул 51 чи гурони тIадвуссинчIо. Мичуринил цIар бугеб колхозги букIана советияб заманалда гьеб росдал. Рана школал, участкаялъул больница ва цоги идарабазул минаби. ГIемерлъизаруна ахаз ккурал гектарал. КъанагIатал ва пайдаял пихъал рижула игьилдерил жаниблъиялда. Амма гьеб пихъ кьезе завод яги цех гьечIо районалда. Цо заманалда ЧIиркъатIа хIалтIулеб букIана консервабазул завод. Гьанже гьеб чIун буго, инвестициял абурал жал гьечIолъиялъ.

1972 соналда Игьалиб адабияталъул байрам букIана. ГIачIила байданалда гьабураб гьеб тадбиралда гIахьаллъана Расул ХIамзатов, Ян Френкель, ГIумар-хIажи Шахтаманов, Даку Асадулаев ва цоги машгьурал гIадамал.

Игьали буго гьединго шагIирзабазул, композиторазул ва кочIохьабазул рахъалъ кIудияб тарих бугеб росу. ЦIадаса ХIамзатица абулеб букIун буго ГIарашил ГIумар гIадав кочIохъан магIарулазул вахъинчIилан. Игьалиса (ЦIаналъа) ккола аваразул машгьурав кочIохъан Сайгидсалим Жамалудиновги.

### Игьалиса Чупалав, чураги дур мунагьал…

«Гумбет» басмаялъ бакълъулазул ракьалда 2017 сон рагIизабун буго гIалим, шагIир, гIакъил, философ Игьалиса Чупаласул лъагIеллъун. Исана гьес тIубала 140 сон. Россиялъул ГIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъ, «Гумбет» басмаялъул редакциялъ ва шагIирасул ирсилаз кьватIибе биччазе хIадурулеб буго Игьалиса Чупаласул асаразул тIехь. Сиражудин ХIайбулаевас, МухIамад ХIамзаевас ва цоги машгьурал адабияталъул ва маданияталъул хIаракатчагIаз тIадегIанаб кьимат кьуна Чупаласул асаразе. Бищун кIудияб хIурмат гьел назмабазул гьабуна халкъалъ, гIададмазда рекIехъе лъала ва, гIажам-тIахьазасан цоцазде хьван, цIунана захIматал сонazда гьесул асарал.

…ГьабсагIат Игьали росдал ругел суалазда гьорлъ руго гьекъолеб лъим гIунгутIи, пихъ кьезе бакI гьечIолъи, школалъул мина басралъун букIин ва цоги масъалаби. Ахал лъалъаялъеги гьеб суал тIаде кколел идарабаз кидаго гуро квербакъи гьабулеб.

**ГIизудинил ХIамзат,**
**Игьали – МахIачхъала**

# Бокъула дие Кавказ!

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

«Дирго ВатIаналъул хIакъалъулъ лъикIаб кечI гIадин бокъула дие Кавказ», - абурал рагIаби», - ян абуна байрамалъулал тадбирал рагьулаго ХIамзат ГIизудиновас. Фестивалалъул батIи-батIияб байдабазда гьес цIалана жиндирго кучIдул.

Михаил Лермонтовасул пачалихъияб музей-заповедникалда тIобитIана «Лермонтовский бенефис» тадбир, шагIирзабаз ва актеразцIалана Россиялъул халкъазул мацIазде руссинарурал классикасул асарал.

Фестивалалда гIуцIана тIахьазул ярмарка, выставкаби, тIоритIана литературияб марафон, пресс-конференция ва цогидалги тадбирал.

**«Гумбет» РИО**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА…

# ГIолилазе церетIезе шартIал гIуцIулел руго

### ЦIияб Сивухъ тIобитIана Бакълъул районалъул нухмалъулезулгун дандчIвай

**Хасавюрт районалъул ЦIияб Сивухъ росулъ тIобитIана гIолилазул гIуцIабазул жигарчагIазулгун «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевасул дандчIвай.**

Гумбет районалъул Сивухъ росулъа гочараз бараб ЦIияб Сивухъ росдал гIолилаз районалъул масъала ккола. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кидагосеб кIвар кьола гIолилазулгун гьабулеб хIалтIуде, рахъ ккола гIолилазул организациязул проектазул, гьезул хIаракатчилъиялъул, церерахъиназул. ШартIал гIуцIула гIолеб гIелалъе физическияб лъадари щвеялъе. Баркала за-



налъул нухмалъиялда ва росабазул вакилзабазда дандчIвай гьабуна миллияб ретIелги ретIун ва чуяздаги рекIун. Тадбиралда гIахьаллъана ЦIияб Сивухъ росдал бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзабиги.

«ГIолилазул политика Гумбет районалъул нухмалъулезул хIаракатчилъиялъул гьир гьабула сахьадерие гьаб тадбир гIуцIаралъухъ»-ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.

ДандчIваялда гьоркьор лъуна Гумбет районалъул нухмалъулел гIолилазул гIуцIабигун хадурккунги цадахъ рекъон хIалтIиялъул суалал.

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

# Унтабаздаса цIуни – черх лъадари

### Гумбет районалъул больницаялда – медицинаялъул хIалтIухъабазул аттестация

**Районалъул централияб больницаялда тIобитIана гьоркьохъел медицинаялъул хIалтIухъабазул аттестация.**

Комиссиялъул хIалтIуда гIахьаллъи гьабуна бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовас** (председатель), районалъул специалистал Марьям



Гьеб гьабуна прививкаби гьабулел ва патронажниял медсестрабазул, фельдшеразул, фельдшерлъиялъул ва фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пунктазул нухмалъулезул, гIаммаб практикаялъул врачазул медицинаялъул сестрабазул.

Жанахъаеваль, Камил Расуловас, Ананди Сулаймановас ва Зайнаб Насрулаевалъ.

Аттестация гьабурал медицинаялъул сестрабазе кьуна хасал тIамчал, чIахIиязе ва лъималазе иммунопрофилактика гьабизе ихтияр букIин баян гьабулел.

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ...

# ТIоцебесеб раундалдаго – нокаут

### ЦIиликьа спортсмен Аюб Гьиматов Бразилияллдаса Майкель Фалькаодаса бергьана



**Самара областалъул Тольяти шагьаралда тIобитIана FIGHT NIGHTS GLOBAL 78 турнир ва гьенив квержубараб рагъул спортсмен, Гумбет районалъул ЦIиликь росулъа Аюб Гьиматов 77-84 кг. гьоркьохъеб цIайиялда бергьана.**

Дагъистаналъул спортсмен дандчIвана машгьурал UFS, Bellator гIадал гIуцIабазда цеве вахъунев Бразилиялдаса Майкел Фалькаогун. Гьесда тIад бергьенлъи босана.

Районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион **ХIажимурад МухIамадовас** Аюб Гьиматовасда иргадулаб бергьенлъи баркана ва хадурккунги цIияцIиял бергьенлъаби гьарана.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ ...

# Шамил МухIамадбакъировасул чIел

### ЧIиркъатIаса рагъулав хъулухъчи чемпионлъун вахъана



**Санкт-Петербургалъул спортивияб «Карачел» комплексалда тIобитIана Севериябгун БакътIерхьул округалъул миллияб гвардиялъул аскаразда гьоркьоб самбоялъул чемпионат. Гумбет районалъул ЧIиркъатIа росулъа рагъулав хъулухъчи МухIамадбакъиров Шамил МухIамадович гьел къецазда чемпионлъун вахъана 100 килограммалде щвезегIан цIайиялъул спортсменазда гьоркьов.**

«Гьеб турниралда гIахьаллъана 14 командаялъул 116 спортсмен. ГIахьалчагIазда гьоркьор рукIана халкъазда гьоркьосеб классалъул споргалъул мастер, Россиялъул споргалъул мастер 10, спорталъул мастерлъиялде кандидат 17», -ян лъазабуна къецазул бетIерав судья, дунялалъул кIицIолго чемпион, тIолгороссиялъул даражаялъул судья, спорталъул мустахIикъав мастер Владимир Паньшиница.

Россиялъул Федерациялъул миллияб гвардиялъул аскаразул кьеразда Шамилица хъулухъ гьабулеб буго 2017 соналъул май моцIалдаса.

«ЦIакъ рокьула нилъер гIолилаз рагъулаб хъулухъ лъикI тIубазабулеб бугилан рагIизе, гьел ккола къей гьечIеб халкъалъул ирсилал, гьединго разилъула споргалъулъ бергьенлъаби щвеялдаса. ГIолеб гIелалъе лъикIаб мисал бихьизаби ккола гьеб. Гьарула Шамилие спорталъулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби, рагъулаб хъулухъги гIодобе биччараб хIалалда тIубан, рокъове рохалида тIад вуссаги», - ян абуна Гумбет районалъул бетIер, эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиялъул чемпион **ХIажимурад МухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

2017-ЭКОЛОГИЯЛЪУЛ СОН

# ТIабигIат цIуниялъул суалал рорхана

### Гъоркь Инхо школалъул вакилзаби гIелмиябгун практикияб конференциялъул призераллъун рахъана

**ЦIумада районалъул Агъвали росулъ тIобитIана «Дагъистаналъул мугIрузул ракьалъул тIабигIат: гьелъул масъалаби ва гьел тIураялъе нухал» абураб гIелмиябгун практикияб конференция.**

Гьенир гIахьаллъана ва докладал гьаруна Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалъул учитель АхIмад ГIумарасхIабовас ва гьебго школалъул ичIабилеб классалъул цIалдохъан МухIамад Юсуповас.

МугIрузул районаздаса вакилзабаз бицана тIабигIат цIуниялде, гьеб пасат гьабизе биччангутIиялде кIвар кьезе ккеялъул, гьеб ишалъулъ цIалдохъаби гIахьаллъизе ккеялъул, Дагъистаналъул киналгоязде гIагарун районазда гьекъолеб лъим гигиенаялъул тIалабазде дандекколеб гьечIолъиялъул.

Конкурсалда бергьун АхIмад ГIумарасхIабовасе ва МухIамад Юсуповасе щвана ДРялъул тIабигIат цIуниялъул министерствоялъул мугIрузул районазда гьоркьосеб управлениялъул рахъалдасан лъабабилеб даражаялъул дипломал.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ

# «Гумбет» басмаялъ 65 сон тIубаялде

### 20 сон цебеккун (1997 с.) щиб хъвалеб букIараб «Бакълъулазул нур» газеталда

## Си бана

Дагьал церегIан къоязда Килалъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз росда цебе бугеб, бихьулеб борхатаб гохIда бана Шамил имам гьавун 200 сон тIубаялъул хIурматалда си. ЦIалдохъабазда цадахъ си баялда хIалтIана школалъул директор Салман МухIамадов ва директорасул заместитель ХIажимурад Жабировги.

Сиялъул борхалъи буго 2 метралдаса цIикIкIараб. Сиялъул бакьулъ школалъул учитель, жиндаги гIараб мацI лъикIго лъалев МухIамад Мусалаевичас, имамасул хIакъалъулъ гIараб мацIалъ хъвай-хъвагIай гьабураб къоноги рекъезе гьабуна.

**МухIамадрасул МухIамадов,
Килалъ гьоркьохъеб школалъул 10 кл. цIалдохъан**

## 2 нухалъ цIикIкIун

Данухъ «БагIараб байрахъ» колхозалъул гIи-боцIухъабаз бергьенлъаби росулел руго гIибоцIудаса рахъулел продуктаби гьариялъулъ. Гьаб соналъул 8 моцIалъ гIезабураб гьан (чIагояб цIайиялда) араб соналъул гьебго заманалде данде ккун кIиго нухалъ цIикIкIинабуна. ГIаммаб рахь 95 центнералъ, цо-цо гIакдадаса бечIчIараб рахьги 126 килограммалъ цIикIкIана.

ЛъикIаб хIадурлъи гьабулеб буго хасалоялдеги.

**О. ГIумаров**

## АхIмаднабил хIаракатчилъиялда

Районалъул бухьеналъул узелалъул начальник АхIмаднаби ГIалимирзаевасул хIаракаталда узелалъул минаялда жанибго халкъалъе, хасго пенсионеразе материалияб хъулухъ гьабиялъе къачIан хIалтIизе кьуна жиндаги «Буфет-киоскан» цIар тезе бегьулеб , даран-хъулухъ гьабиялъулаб рукъ.

Гьениб букIине буго батIибатIияб къайи, аслияб куцалда продуктаби. Буго гьениб хассаб отдел школлъималазул цIалул къайи, канцелярскияб къайи, гьединго газетал, журналал, конвертал, маркаби ричулебги. Рес буго гIадамазул гьениб периодическияб печаталъе, ай газетазегун журналазе подписка гьабизе.

**Ж. ГIалиев**

## ЦIундадерил МТФялда

Рахь бечIчIиялъул рахъалъ районалъул магIишатазда гьоркьоб бищунго церетIеял ругеблъун рикIкIине ккола «ЦIунди» колхоз. Щибаб гIакдадаса бечIчIараб рахь гьениб бахун буго бащдаб лъагIелалдего 985 килограммалде. Районалда гьоркьохъеб хIисабалда бечIчIаралдаса 531 литраялъ цIикIкIун рахь бечIчIун буго цIундадерица. «ЦIунди» колхозалъул МТФялда араб соналдаса 3 проценталь цIикIкIинарун руго гIачиги. 9 бетIералъ цIикIкIун щун руго бачалги. Щибаб 100 гIакаялда хадуб араб соналъул 6 моцIалъ 83 бече цIунун букIараб батани, гьаб соналъул гьебго заманалде 94 бече цIунун буго. Бачал цIуниялъеги цIундал районалдаго цебесеб кьерда руго.

**Къ. ХIадисова**

## ЗахIматчагIазе

Соналдаса соналде кIодолъулеб буго ЦIияб Аргъвани росу. Гьениб росдал администрациялъ цойги цIияб ицц тIаде бана. Росулъ гьединго бана авал мажгитги. КIудияб мажгиталде ине рикIкIад ругел гIадамазе ва нухлулазе кIудияб санагIалъи буго гьелъул.

**А. МухIамадов**

## Кумекалъе рачIана

МелъелтIа росдал захIматчагIазул приусадебниял участкаби рекьизе санайилго колхозалъул правлениялъ гъутаналдаса трактористал ритIун рачIуна. Исанаги магIарухъ рекьарулел трактористазда цадахъ хIалтIана гьениса рачIарал механизаторал Айди Айдиев ва МухтарахIмад Иналов. Ихдалил рекьи захIматчагIазул хурзабахъ къокъаб заманалда лъугIана.

**Нижер мухбир**

### «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур», «Гумбет» газетазда кIвар бугел, магIна гъваридал макъалаби къватIире кьеялъулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабулел мухбирзаби



Ибрагьим Ибрагьимов, ЧIиркъатIа росу



АхIмад Дибиров, МелъелтIа росу

ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ-ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Глаукома (зеленая катаракта)

**Глаукома – это греческий термин, в русском переводе означает «зеленый, цвет морской воды». Так древние греки называли все глазные болезни ведущие к слепоте.**

В настоящее время понятие «глаукома» объединяет большую группу заболеваний с общими клиническими симптомами - глаукомным синдромом, который состоит из постоянного или периодического повышения внутриглазного давления (ВГД) и оптической нейропатии: атрофии зрительного нерва с экскавацией, специфических изменений зрительных функций и особенно поля зрения.

По данным ВОЗ, ежегодно вновь заболевают глаукомой 3 и более из 1000 человек в возрасте старше 40-45 лет. Несмотря на имеющиеся успехи в лечении первичной глаукомы, больше половины больных продолжают терять зрительные функции. По статистическим данным, в общей структуре слепоты доля глаукомы остается стабильно большой – от 15% в России до 33% в странах Западной Европы.

При глаукоме больной может жаловаться назатуманивание зрения, боль, резь в глазах и вокруг них, ухудшение зрения, в том числе и в темноте.

При взгляде на яркий свет больной видит радужные круги. В тяжелом запущенном случае возможно снижение зрения, также возможна кратковременная потеря зрения.

Кроме того, у страдающего глаукомой сужаются поля зрения, однако это происходит постепенно, поэтому часто больной никаких изменений не замечает.

Пораженный глаз обычно краснеет, причем становится не только красным, а приобретает неяркий синеватый оттенок. Зрачок расширен и не реагирует на свет. Во время приступа глаз становится твердым на ощупь. Также во время приступа может беспокоить тошнота и рвота.

Различают три основных типа глаукомы: врожденную (вследствие врожденных дефектов развития дренажной системы глаза), первичную и вторичную.

Выделены четыре стадии глаукомы.

Начальная стадия - характеризуется отсутствием краевой экскавации диска зрительного нерва и специфических изменений в периферическом поле зрения. Вместе с тем могут отмечаться небольшие изменения в парацентральных участках поля зрения: сужение изоптер, небольшой назальный выступ, симптом обнажения слепого пятна, относительные скотомы в зоне Бъеррума. Развитая стадия - сужение поля зрения с носовой стороны, либо концентрическое сужение поля зрения на 10 градусов и больше, но не более, чем до 15 градусов от точки фиксации. Характеризуется также краевой эскавацией диска зрительного нерва, значительными дефектами центрального поля зрения.

Далекозашедшая стадия - сужение поля зрения с носовой стороны, либо концентрическое сужение поля зрения до 15 градусов от точки фиксации и меньше.

Терминальная стадия - характеризуется полной слепотой или наличием светоощущения с неправильной светопроекцией при условии сохранения хотя бы частичной прозрачности оптических сред глаза.

Диагноз «глаукома» ставит офтальмолог. Для этого нужно провести ряд исследований. Рекомендуется измерять давление 2 раза в сутки - утром еще не встав с кровати и вечером, через 12 часов после первого измерения. Также надо внимательно исследовать глазное дно, диск зрительного нерва и определить поля зрения. Для этого используют офтальмографию, оптическую когерентную томографию или лазерную поляриметрию. Обязательно исследуют структуры передней камеры глаза. Исследование - гониоскопия проводится при помощи гониоскопа. также делают УЗИ глаза.

Успех лечения глаукомы и сохранения зрительных функций на высоком уровне во многом и напрямую зависит от сроков выявления этого заболевания.

Поэтому в выявлении глаукомы на ранних стадиях ведущую роль играет диспансеризация, которая включает в себя следующие основные мероприятия:

1) Периодические осмотры населения, входящего в группу риска, с обязательным проведением тонометрии минимум 1 раз в год.

В группу риска по глаукоме входят:

непосредственные родственники уже учтенных и зарегистрированных больных глаукомой, лица пресбиопического возраста, у которых появился зрительный дискомфорт, не устраняемый коррекцией,

все лица старше 70 лет, даже которые не предъявляют жалоб на состояние зрения;

больные с выраженными стадиями эндокринных, нервных и сердечно-сосудистых заболеваний;

лица с четко установленной офтальмогипертензией независимо от возраста;

пациенты с миопической рефракцией независимо от возраста.

2) Систематическое наблюдение за стабилизацией глаукоматозного процесса у больных глаукомой и их рациональное лечение,

3) Обучение больных методам самоконтроля и правильному выполнению лечебных назначений.

Естественно, основная нагрузка по диспансеризации больных глаукомой ложится на врачей - офтальмологов поликлиник.

Роль офтальмологического стационара в системе диспансерного обслуживания пациентов с патологией ВГД заключается в оказании высококвалицированной патогенетически ориентированной микрохирургической помощи. Необходимую консультативную и хирургическую помощь при глаукоме оказывают в республиканских специализированных учреждениях.

**Заира Лабазанова,**
**офтальмолог Гумбетовской районной больницы**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Отсутствует фильтрация информации

**Прокуратурой Гумбетовского района по заданию прокуратуры республики провела проверку исполнения законодательства о защите детей от информации, причиняющей вред их здоровью и развитию.**

Проведенной проверкой выявлено, что в МКОУ «Мехельтинская СОШ» работа по организации защиты детей от противоправного контента в образовательной среде не проводится. Отсутствуют технические и программно-аппаратные средства защиты детей от вредной информации в местах, доступных для детей, не осуществляется фильтрация информации, которая может нанести вред здоровью несовершеннолетних, их нравственному и духовному развитию.

По результатам проверки прокуратурой района в районный суд направлено исковое заявление о возложении обязанности на МКОУ «Мехельтинская СОШ» установить систему контентной фильтрации для школ, на компьютерах которые имеют доступ к сети «Интернет».

**Шамил Магомедов,**
**Заместитель прокурора района юрист 1 класса**

БАРКАЛА КЬОЛЕБ БУГО

# ЦӀунаги цӀаялъул балагьалдаса

**Нижер гьоралда гьал къояз цӀа ккун букӀана. Хехго кумек тӀаде щвечӀебани мина бухӀиялда хӀинкъи букӀана. ЦӀа свинабулеб идараялъул хӀалтӀухъабаз ва росдал гӀолохъабаз жигар бахъана цӀа хехго свинабизе.**

Бокьун буго «Гумбет» газета гьоркьоб ккун ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабизе цӀа свинабиялда хӀалтӀаразе.

Аллагь разилъаги нужедаса, нижее гьабураб кумек азаазар даражаялде бахинабеги, цӀунаги балагь-къварилъиялдаса.

**Къурбановазул хъизан,**
**МелъелтӀа росу**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Дуца гьудуллъун ккве квер гӀатӀидаб «Гумбет» газета

### Подписка - 2018

**ХӀурматиял районцоял! Байбихьун буго 2018 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

**Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гӀумру бихьизабулеб матӀу ккола районгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гӀумруялъул, гьелъул цӀилъабазул, церечӀарал масъалабазул хӀакъалъулъ.**

**ХӀурматиял росабазул администрациязул бутӀрул, районалъул идарабазул, гӀуцӀабазул нухмалъулел, газета цӀалулел! ХӀаракат бахъе цӀияб соналъе «Гумбет» газета щивав хӀалтӀухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен ккезе.**

**Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2018 соналъ газета хъвалезул къадар цӀикӀкӀине букӀиналда.**



**Газеталъул багьа.**
**ЛъагӀалие:**
**Почалдасан – 399,72 гъ.**
**Редакциялдасан – 200 гъ.**

**Бащдаб лъагӀалие:**
**Почалдасан – 199,86 гъ.**
**Редакциялдасан-100 гъ.**
**Информациялъул «Гумбет» гӀуцӀи**

ГӀАКӀА АХӀУЛЕБ БУГО

**Дир билун буго кӀиго хӀайван, цояб ункъго сон бараб гӀачӀар, чараб, гӀуж кваранаб тӀогьиса къотӀун квегӀаб цебеса сун. Цойгияб – кӀиййилаб гӀачӀар, нодоялда хъахӀал тӀанкӀалги ругеб, гӀуж кӀиябго гӀиналда тӀогьиб чӀварикӀвекь, квегӀаб гӀин нахъа суй бугеб.**

**Дир телефон: 89288714434.**

**Сайгид ГӀалиев,**
**ЛъаратӀа росу.**

БетӀерав редактор
ХӀамзат ГӀизудинов
телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь
Къурмагьиз ХӀадисова
Корреспондентал:
ГӀайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.